

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa moal bisa leupas tina pangabutuh kana informasi boh keur dirina sorangan boh keur batur. Cara pikeun nambahan éta informasi bisa tina karya sastra. Salah sahiji karya sastra anu miboga informasi nyamuni atawa nyampak nyaéta carita pondok. Lantaran carita pondok mangrupa carita rekaan atawa fiksi nu miboga galur basajan jeung deukeut kana kahirupan kiwari (Isnendes, 2010, kc. 39).

Sababaraha carita pondok anu dikumpulkeun atawa dibukukeun tur medal disebut antologi carpon (Rosidi, 2018, kc. 22). Salah sahiji conto antologi carpon nyaéta buku *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem. Éta buku ditulis ku 50 pangarang wanoja anu ngagabung dina organisasi Patrem. Dina buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* aya 50 judul anu béda-béda nyaéta “Saha nu Engké Mépendé” karya Aam Amilia, “Umbara Tresna” karya Ai Rohmawati, “Koruptor Élit” karya Ai Wawang, “Ondangan” karya Aini Mardiyah, “Saganci Pasini” karya Anggie Novia Déwi, “Dina Parahu” karya Anita Rohani, “Cipanon Kuring” karya Ati Amiati, “Muruy” karya Chyé Rétty Isnéndés, “Sora nu Ngaji di Peuntas” karya Cicih Kurniasih, “Héhérang Panon” karya Cucu Unisah, “Berjamaah di Imah” karya Dédé Rostiana, “Di Lamping Suni” karya Dénia Sonata, “Ukur Galécok’na Haté” karya Dian Wulan, “Kembang Jalan” karya ÉD Jénura, “Banda Titipan” karya Én Hénri Sinaga, “Limus Juragan Karta” karya Ésti Setia Déwi, “Payung Pulas Héjo Lukut” karya Évi Sulastri, “Kemba” karya Firda Aulia, “Lalaki nu Nyimpen Halimun dina Matana” karya Fitria Puji Lestari, “Kembang Hariang” karya Hana Rohana Suwanda, “Ngumbar Panineungan” karya Hayati Mayang Arum, “Kurabu Batuna Bungur” karya Héna Sumarni, “Supir Angkot” karya Imas Rohilah, “Bonéka” karya Indah Éka Lestari, “Kamar VVIP” karya Lély Mulyawati, “Purnama” karya Méli Nurul Maliah, “Saukur Hiasan” karya Mimin Wiati, “Surat Penting” karya Nanéng Daningsih, “Merapi Biru” karya Néna Cunara, “Bunda” karya Nina Rahayu Nadéa, “Angin Ririh di

Bromo” karya Nita Widiati Éfsa, “Bangbaluh” karya Nunung Munawaroh, “Wilujeng Kang! Wilujeng!” karya Nunung Saadah, “Ti Tukangeun Lalangsé Ipis” karya Nyi Roro, “Pangarang Moyan” karya Pipiet Senja, “Mangsa Kamelang Ngahiang” karya Rin Riani, “Jeruk Bali” karya Risnawati, “Kupat Tahu” karya Ruhaliah, “Hariring Tresna” karya Santie Senja, “Ceurik Lalaki” karya Sénny Suzanna Alwasilah, “Bonus” karya Tétti Hodijah, “Cindung Bungur” karya Téty S. Natprawira, “Sono Sakola” karya Tika Yuanita, “Si Tétéh, Motor, jeung Kuring” karya Tike Lisnawati, “Lunta” karya Tiktik Rusyani, “Peuteuy” karya Titin Suryani, “Kalangkang Lawas” karya Tyas Nastiti Putri, “Maluruh” karya Yéyét Hérayati, “Pustakawati” karya Yooke Tjuparmah, jeung “Basa Panggih Deui” karya Zanéta Kurotuaéni.

Carita pondok ogé teu bisa leupas tina unsur-unsur pangwangunna nu miboga sipat otonom. Ieu carita pondok bisa diulik ngagunakeun pamarekan struktural. Lantaran pamarekan struktural mangrupa bagéan anu penting dina nganalisis hiji karya sastra. Nurutkeun Stanton dina Isnendes (2010, kc. 92) strukturalisme ngawengku kana tilu hal nyaéta tema, fakta, jeung sarana carita. Sakabéh unsur bisa silih deudeulan nepi ka aya dina wangun sampurna (Teeuw, 2013, kc. 106).

Salah sahiji fungsi tina karya sastra nyaéta salaku pakakas anu nuluykeun tradisi jeung révitalisasi budaya. Ku kituna, fungsi karya sastra bisa méré informasi ka anu maca sarta dijadikeun bahan pieunteungeun dina kahirupan sapopoé. Pola pikeun ngawariskeun tradisi jeung révitalisasi budaya anu aya dina karya sastra sok disebut étnopédagogi. Étnopédagogi miboga kamandang yén pangaweruh ngeunaan kaarifan lokal (*local knowledge, local wisdom*) mangrupa sumber inovasi tina kaparigelan nu bisa digunakeun pikeun karaharjaan masarakat (Alwasilah spk., 2009, kc. 50). Nurutkeun Alwasilah spk (2009, kc. 43-44) ajén étnopédagogi téh aya sabelas nyaéta hurip, waras, cageur, bageur, bener, pinter, ludeung, silih asah, silih asih, silih asuh, jeung sineger tengah.

Objék dina ieu panalungtikan nyaéta antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem. Lantaran carita tina éta buku bisa ngagambarkeun rasa, pamikiran, budaya, jeung lingkungan sabudeureunna ti para wanoja Sunda sacara sosial. Éta hal bisa ngirut nu maca sangkan teu bosen kana eusi caritana. Lian ti éta, buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem miboga ajén-

ajén étnopédagogi anu ngirut pikeun ditalungtik. Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis tur ngadéskripsikeun struktur jeung étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

Panalungtikan ilmiah saacanna ngeunaan struktur jeung étnopédagogi di antarana “Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi dina Novel Barudak *Rasih Kodeu Binér* karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP” ku Euis Siti Fatimah (2015); “Novel Rumaja *Jamparing* karya Chyé Rétty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)” ku Cucu Siti Fatimah (2018); “Novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturrohman pikeun bahan Pangajaran Novel di SMP (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)” ku Widia Rengganis (2021); jeung “*Imah Agréng* karya Aam Amilia pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMK (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)” ku Andi Rohendi (2022).

Panalungtikan nu saméméhna téh miboga sasaran nyaéta ngagunakeun ulikan struktural jeung étnopédagogi pikeun nganalisis objékna. Lian ti éta anu ngabédakeuna nyaéta objék panalungtikanana, lantaran antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* can kungsi ditalungtik. Dumasar kana sawatara hal nu dipedar di luhur ieu panalungtikan dijudulan Antologi Carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi).

## 1.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, aya sawatara masalah anu kudu dirumuskeun. Sangkan leuwih jéntré masalah anu baris diguar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya di handap.

- 1) Kumaha stuktur dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem?.
- 2) Kumaha ajén étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem?.

### 1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung husus. Éta dua tujuan téh baris diguar saperti ieu di handap.

#### 1.3.1. Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh pikeun maluruh tur ngaguar dumasar kana tiori strukturalisme Robert Stanton, jeung ajén étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

#### 1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun nu aya di handap.

- 1) Struktur dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.
- 2) Ajén étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

### 1.4. Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah anu geus diébréhkeun, ieu panalungtikan miboga opat mangpaat nyaéta téoritis, praktis, kawijakan, sarta isu jeung aksi sosial.

#### 1.4.1. Mangpaat tina Segi Téoritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan pikeun ngeuyeuban jeung nambahan kabeungharan kana panalungtikan sastra Sunda hususna dina ulikan struktural jeung étnopédagogi.

#### 1.4.2. Mangpaat tina Segi Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan bisa katitén di handap.

- 1) Lembaga atikan, dipiharep bisa jadi tinimbangan pikeun sumber référénsi ti para mahasiswa, kaom akademisi, jeung nu lianna nu nalungtik sastra Sunda.
- 2) Panalungtik, dipiharep bisa nambahan kaweruh sarta pangalaman nganalisis dina ulikan struktural jeung étnopédagogi nu nyangkaruk di antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.
- 3) Masarakat, hasil tina ieu panalungtikan bisa méré informasi ngeunaan strukturalisme jeung étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

### 1.4.3. Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan pamaréntah sangkan bisa ngungkulan pasualan krisis budaya di Indonésia. Lian ti éta, dipiharep bisa ngahudangkeun sumanget dina ngariksa jeung ngaraksa karya sastra Sunda hususna wangun carita pondok.

### 1.4.4. Mangpaat tina Segi Aksi jeung Isu Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh anu anyar jeung ngeuyeuban bahan bacaan ngeunaan ajén étnopédagogi dina karya sastra Sunda hususna carita pondok. Salian ti éta, pamaréntah dipiharep bisa ngungkulan pasualan krisis budaya anu karandapan ku para nonoman di Indonésia.

## 1.5. Raraga Tulisan

Sistematika tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, saperti di handap.

Bab I Bubuka, medar ngeunan raraga tulisan skripsi sacara sistemis. Ti mimiti kasang tukang, indéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum, jeung tujuan husus), jeung mangpaat panalungtikan (sacara téoritik, praktis, kawijakan, sarta isu jeung aksi sosial).

Bab II Ulikan Tiori, medar tiori-tiori nu jadi dasar panalungtikan. Pedaranana ngeunaan carita pondok, tiori strukturalisme, tiori étnopédagogi, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir anu jadi péso pikeun ngajawab pasualan dina ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar ngeunaan méthode panalungtikan anu dipaké dina ieu skripsi ngawengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, medar ngeunaan hasil panalungtikan anu mangrupa jawaban tina rumusan masalah nyaéta strukturalisme jeung étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

Bab V Kacindekan jeung Saran, medar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Lian ti éta aya ogé saran atawa implikasi jeung rekomédasi pikeun panalungtikan nu sarupa saterusna